EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# GÚLJÁHÁN TAJETDIYNOVANÍŃ PROZALÍQ SHÍǴARMALARÍNDA SATIRALÍQ OBRAZ JASAW USÍLLARÍ

**Jaqsiliqova Albina Saǵinbaevna**
Ájiniyaz atindaǵi NMPI tayanish doktoranti
https://www.doi.org/10.37547/ejar-v03-i02-p3-114

## ARTICLE INFO

Received: 11th February 2023
Accepted: 19th February 2023
Online: 20th February 2023

## KEY WORDS

*Satira, satirik obraz, xarakter, gúrriń, sheberlik.*

## ABSTRACT

*Maqalada qaraqalpaq ádebiyatında satiralıq obraz jasaw usılları úyrenilgen. Jazıwshı G.Tajetdiynova gúrrińlerinde satirik obrazlardıń dóretiliwi, jazıwshınıń sheberligi, shıǵarmalarında obraz dóretiwde avtor idealınıń áhmiyeti sóz etilgen. Sonday-aq jazıwshınıń satıralıq gúrrińleriniń syujeti tereń analiz etilgen.*

Satira ádebiyattıń basqa janrları sıyaqlı turmıs hám hádiyselerdi tán alıw, gózzallıqtı, jaqsı hám jamandı bahalawdıń eń áyyemgi úlgisi bolıp tabıladı.

Satira-jámiyetimizdegi jaǵımsız illetlerge eskiden qalǵan shirindilerge, anaw-mınaw qolaysız háreketlerge qansha batıl túrde qarsı turaman dese de múmkinshiligi bar janr.[1:47]

Satiranıń tiykarı-kúlki dep atap ótedi belgili rus satirik ilimpazı D.Nikoleav. Qazaq ilimpazı A.Musaev bolsa, "Kúlki - bul insannıń turmıslıq mútajligi esaplanǵan psixologiyalıq jaǵday. Ulıwma alǵanda, kulki elementlerin ádebiyattıń barlıq janrlarında ushıratıw múmkin, olar ómirbayan bolıp, kórkem ádebiyatqa baylanıslı -shıǵarmanıń mazmun-mánisin ashıp beriwshi ózgeshelikke iye",- ekenligin kórsetip ótedi. Ádebiyatdaǵı kúlki - kórkem dúnyaǵa kózqarastıń, haqıyqatlıqtı sáwlelendiriwdiń kórkem-estetik tábiyatına uyqas túrde ayrıqshalıǵın kórsetiwshi syujet, lingvistik, stilistik hám poetik mánisler kompleksi bolıp tabıladı. Eger dóretpe kompozitsiyasi túrli strukturalıq bólimlerden ibarat ekenligin esapqa alsaq, olardıń wazıypası hám mánisin parıqlaw málim kórkem tájiriybe hám kórkem bilimler nátiyjesine tıykarlanıwı anıq boladı. Sonlıqtan, satira shıǵarmanıń mánisin belgileytuǵın kategoriyalar kompleksi bolıp qalmastan, bálki onı shaxstı úyreniw quralı hám usılı, xarakter qásiyetlerin individuallastırıwshı ólshew hám sırtqı kórinisler jıyındısı deyiwge ılayıq bolıp tabıladı. Izertlewshi ilimpazlar satiranı kórkem ádebiyatqa baylanıslı janr, tur hám usıl retinde túrlishe kórip shıǵıwları onıń usınday sıpatlıq belgilerin aytıp ótse kerek.

Haqiyqatında da joqardaǵı ilimpazlardıń atap ótkenindey satira turmıstaǵı bar nárseni real kórinisti súwretlep beriwde belsendilik etedi. Songı jıllarda óziniń qálemin satıralıq shıǵarmalar dóretiwge arnaǵan Gúljahan Tájetdinova qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwına belsene qatnasıp kiyatırǵan jazıwshılarmızdıń biri sıpatında jaqsı bilemiz. G.Tajetdiynova 2016-jılı baspadan shıqqan "Ádiraspan monshaqları" atamasındaǵı gúrrıń hám povestler toplamına bir qatar satiralıq gúrrińlerin engizdi. Jazıwshınıń gúrrińleriniń tematikasınıń kóptúrliligi, mazmunlıq jaqtan reallıqqa tiykarlanǵanlıǵı, satiralıq obrazlardı dóretiwde sheberligi ayrıqsha kózge taslanadı. Avtor bul toplamına "Qatınlar qozǵalańı", "Sarqıt", "Hesh

kimge aytpa", "Jazıqsız qulaqlar", "Uqsas at", "Videoǵa túsken baspaq", "Bala tili pal", "Qultaydıń dámesi", "Qarızlanıp qatın al" sıyaqlı satiralıq gúrrińlerin engizgen. Jazıwshı shıǵarmalarındaǵı satıralıq obrazlardıń jasalıw ózgesheligin sóz etiwden aldın, satirik obrazlardıń dóretiliw barısındaǵı ilimpazlardıń pikirlerin toqtap ótiw maqsetke muwapıq sanaladı.

Ózbek ádebiyatında ádebiyattanıwshı alım Nabi Rahimov óz miynetinde satirik obraz jaratıwda tómendegi pikirlerdi ayrıqsha atap ótedi: Satiralıq shıǵarmalarda jazıwshınıń idealı joqarı insaniylıq hám jámiyetlik maqseti ayrıqsha xarakterge iye; ol avtordı satirik obraz jaratıwǵa, turmıstıń unamsız táreplerin yamasa ayrım kemshiliklerin ashıp beriwge umıtıladı. Satirik shıǵarmanı oqıwshı oqırmanǵa da usı avtor idealı tayanısh bolıp xızmet etedi, satirik jaǵday hám obrazlardı durıs túsiniwde oǵan járdem beredi [2.21]

Satirik obraz logikaǵa saykes keliwi kerek yaǵniy haqiyqatlıqtan ajıratılmaǵan bolıwı kerek. Sonday-aq bayanlaw, logikasız tolıq maǵlıwmatlardı súwretlewge urınıw satira qaharmanınıń haqıyqıy kórinisin jaratılıwna járdem bermeydi. [3.14]

Sóz sheberi Gúljahan Tajetdiynova da satirik obraz dóretiwde ideyalıqqa, kórkem shınlıqqa, logika súyenedi. Jazıwshı gúrriń waqıyaların turmıslıq waqıyalar, qızıqlı detallar menen ómirimizde ushırasatuǵın jat illetlerdi ayawsız áshkaralap kórkem bayanlap bergen.

G.Tajetdiynova "Qatınlar qozǵalańı" gúrrińinde waqıya bir mekeme atirapında júz beredi. Jazıwshı bul shıǵarmada ayrım hayal-qızlarǵa tán iybesizlikti ótkir sınǵa aladı. Shıǵarma mazmunında "Qız jawanlar" degen kárxananıń jumıs processinde baslıqlardıń kóbinese jumıstan bosawı, orınına taza baslıq kelip-kete beriwi sóz etiledi. Eń sońǵı baslıq bolǵan jigit óziniń bilimligi, jumısqa bolǵan intalıǵı menen basqalardan ajıralıp turadı. Baslıqtıń jumıstı alıp barıw procesi jaqsı bolǵanı menen karxana xızmetkerleri yaǵniy hayallar tınımsız jánjellesiwden toqtamaydı. Bul karxananıń óz jumıs barısın toqtatıwına alıp keledi. Bunıń tiykarǵı sebebi eki hayaldıń kelip baslıqtıń aldına jánlesiwi boldı. Hayallar ekiwde haq bilip, ózleriniń jumıs ornında ekenligin umıtıp baslıǵınıń aldında jánlessedi. Jazıwshı bul hayallarǵa tán bolǵan kórimsiz qásiyetti obrazlı bayanlap beredi.Mısalı:

*Stol ústinen kartoshka-piyazlar ján-jaqqa pıtırap shashılıp ketti. Qarasa eki qatın shayday ayqasıp atır. Baslıq hesh nárseden biyxabar, bir arman tartadı, biri berman tartadı. Qatınlardıń alısqanın kórip, zárresi qalmaǵan baslıq ornınan ushıp turadı. Bellesken palwanlar da, gele taslasqan qoshqarlar da, julısqan urısqaq qorazlarda mina shyaday ayqasıp atırǵan ekewiniń qasında oynamaydı.*[4.22]

Jazıwshı bul hayallardıń hayal degen ataqqa jaǵımsız kir juqtırǵanın, turmısımızda usınday ózin ústem esaplap, erkek sıpat bolıp ketken hayal-qızlarımızdıń kelbetin súwretlep, ótkir sınǵa aladı.

Avtordıń hayal-qızlar xarakterin súwretlewshi jáne bir satıralıq gúrrińleriniń biri "Sarqıt" shıǵarması bolıp tabıladı. Shıǵarmada bir shańaraq aǵzalarınıń xarakteri ashıp berilgen. Shańaraq basshısı Aytjan, hayalı Sulıw ayım, balası Tolısh, kelini barlıǵıda óz isine puxta, shańaraǵınıń ekonomikalıq jaǵdayın oylaytuǵın adamlar. Lekin jámiyetshilik aldında ózleriniń jasına ılayıq isti kórsetiw de insaniylıqqa tán qásiyet. Aytjan da, Sulıw ayımda barǵan otırspalarınan sarqıt alıp qaytıwı, bulardıń háreketleri balalarına tásir jasawı, perzentlerininde sarqıt jep úlkeygenlikten júrgen jerinde sarqıt jiynap júriwi avtor tárepinen ótkir, ashshı kúlki menen sóz etiledi. Sonday-aq shańaraqta hayal adamnıń basshılıq etiwi,

úydegi hárbir másele hayal tárepinen sheshiliwide húrmetsizliktiń, sıylasıqtıń joq ekenliginen derek beredi. Sulıw ayım barǵan sarqıt toltırıp alıp qaytıwı hayallıq iybesizlikti ańlatdı. Jazıwshı turmısımızda ushırasatuǵın bunday hayal-qızlardı ótkir kúyinish penen sóz etedi. Xalıqımızda hayal-qızlarǵa tán uyat, ar-namıs, ádeplilik degen túsinikler bar. Usınday sıpatlardı ózinen joǵaltqan shıǵarma qaharmanı Sulıw ayım obrazı tómendegi qatarlarda ayqın kózge taslanadı.

*....Qalǵanların Sulıw ayım zayalamaydı. Barǵan jerden tompaytıp qaytatuǵın sarqıt qaltashası bar. Dasturqan tolı zatlardan tap bazardan saylap alǵanday etip, terip aladı da, sumkaǵa jayǵastıradı. Usı saparıda sarqıt qaltasha tompayıp, biraz salmaqlastı....Sulıw ayım asıqpay-albıramay qonaq jayǵa jayılǵan dasturqandı "tazalaydı".* [4.26]

Sulıwayımnıń qonaq bolıp barǵan jerinde bunday iybesizligi oqırmanda jekkóriwshilik sezimin oyatadı. G.Tajetdinova Sulıwayım, Aytjan, Tolısh obrazlarında jasawda reallıqqa, konkretlikke dıqqat qaratqan. Turmıslıq fakttı joqarıdaǵı qaharmanlar xarakterine kóshirigen. Bul jazıwshınıń obraz jaratıwdaǵı sheberligin kórsetedi.

Jazıwshınıń jáne bir kewilge qonımlı satiralıq gúrrińleriniń biri "Hesh kimge aytpa" shıǵarması boldı. G.Tajetdiynovanıń bul gúrrińinde de turmıslıq haqıyqatlıq dál kózge taslanadı. Dóretpede waqiya Pálbiy sheshey, Muqan baslıq, Nurım, Serik h.t.b obrazlardıń atırapında júz beredi. Pálbiy sheshеydiń bir ǵana ótirik gápi bir qatar insanlardıń jalǵandı gúzijitip bir awız sózdi on awız sózge aylandırıwǵa sebep boladı. Palbiy sheshey Muqan baslıqtı jumıstan bosatılıwı haqqında jalǵan xabar tarqatadı. Ózleri er adam bolıwına qaramastan erkeklik xarakterge iye bolmaǵan Nurım, Serikler bolsa bul xabardı altın tawıp alǵanday etip, jalǵan sózdi elede rawajlandırıp hámmege aytıp boladı. Adamlar arasındaǵı bul gáp-sózler Muqannıń óz kasibinen bosawına alıp kelmeydi. Baslıq ele óz ornında. Jazıwshı bul kishkene gúrrińi arqalı ósek, jalǵan sózlerdiń hayallarımızdıń ásirese ayrım erkek adamlardıń da qanına sıńıp baratırǵanlıǵın ótkir ashınıw menen jır etedi.

Jazıwshı "Jazıqsız qulaqlar" gúrrińinde studentler arasındaǵı jeńil yumorlıq sıpatlardı kórkemlep súwretlep beredi. Jaslar arasındaǵı ózara kelispewshilikler, qızıqlı waqıyalar, altın dáwirdiń altın sıpatların házil-shınlı araslas sóz etedi. Avtordıń bul dóretpesi kóbinese yumorlıq sıpatlarǵa iye bolıp kelgen.

"Uqsas at" dep atalǵan gúrrińinde bolsa jazıwshı óz mápin gózleytuǵın, amantqa qiyanet etiwshi, birewdiń haqısın jep kún kórip, sońında duzaqqa túsiwshi insanlar obrazın ótkir sınǵa aladı. Shıǵarma qaharmanı Bóribay Jebegenov. Ol bir mekeme jumısshı bolıp isleydi. Bir kúnleri mekemege taza baslıq keledi. Baslıqtıń atıda Bóribay Jebegenov boladı. Mekeme xızmetkeri Bóribay Jebegenov bul halattan biraz payda kórip qaladı. Baslıq atına kelgen sawǵa-sálemlerdi kórdim-bildim demey óz paydasına alıp miynetsiz kelgen sıylıqtan ráhátlenip jasay beredi. Bunday ádetlerge úyrenip baratıǵan Bóribay óz nápsiniń qulı bolıp, ashkózligi sebepli hár kúni kafelerde awqatlanıwıdı ádet qıladı, bıraq bul tınımsız awqatlanıwlar onı qarızdar bolıwına sebep boladı. Jegen asına pul tólewden qashqan Bóribay sońında baslıqtıń oń qolı bolıp jurıp hámme kásiplesleri aldında shermende boladı. Awqatlanıw ornınıń iyeleri kelip baslıqqa jegen qarızıńdı tóle dep topılıs jasaǵannan soń, "qap toldı, qapshıq toldı, dorbasha saǵan ne boldı" dep Bóribay jumıstan bosatıladı. Bóribaydıń biyparwalıǵı, óz waziypasına itibarsılıǵı tómendegi qatarlarda ayqın kózge taslanadı. Mısalı:

*Tańatıp, kún batıp, biraz aylardı artqa saldım. Sońı-soń kafege barıwda umıt bola basladı. Bayağı iship-jegenlerim ele tım-tırıs, onnan beri biraz waqıt ótti. Umıt bolsa júdá jaqsı. Iship-jeseń palday, soń onıń tólewi záhárdey boladı eken. Táwir-aq tolısıp, semirayin dedim. Kafelerdiń shiyrin tağamları janıma jaqtı.[4.32]*

Jazıwshı Bóribay obraz arqalı jámiyetimizde ushırasatuğın usınday insanlardıń erinsheklik, jeńil turmıs keshiriwdı ańsaw sıyaqlı illetlerdiń jámiyetimizde kóplep ushırasıp turatuğınlığın ótkir sınğa aladı.

Juwmaqlap aytqanda belgili qálemkesh Gúljahan Tájetdinova satirik obraz jaratıwda turmıslıq haqiyqatlıqtı kórkem shınlıqqa kóshirip, ideyallı-tarbiyalıq princip tiykarında kórkem bayanlap bergen. Bul álbette jazıwshınıń sheberligi, obraz jaratıw usılınıń ózine tán stili sanaladı.

## References:

1. Paxratdinov Yu. Házirgi zaman qaraqalpaq prozasında satira. Nókis «Qaraqalpaqstan», 1988.
2. Raximov N. Ózbek sovet satirası tarixidan. –Tashkent, "Ózbekiston fanlar akademiyası nashiryati", 1962.
3. Тилабов Суюн. Сатира Нозила Худжанди (Образ. Стиль. Мастерство). диссертации на соискание ученой степени кандидата филологаческих наук, автореферат. Худжавд – 2009.
4. Tajetdiynova G. Ádiraspan monshaqları. –Nókis, "Bilim", 2016.